ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№94 (24.064) ● 2020 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 8, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Трутнев Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІащ

Шыщхьэуіум и 6-м Къэбэрдей-Балъкъэрым къэбэрдей Іуэхугьэ щыІащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ - Урысей Федерацэм и Президентым и лІыкІуэу КъуэкІыпІэ Жыжьэ федеральнэ округым щыІэ Трутнев Юрий.

КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, республикэ унафэщІхэр и гъусэу, хьэщІэм зыщіплъыхьащ Іуащхьэмахуэ лъапэ. Ар щагъэгъуэзащ зыгъэпсэхупІэм зэрызрагъэужьыну инвестицэ Іуэхухэр зэрагъэзащІэм, апхуэдэуи хэпльащ дунейпсо мыхьэнэ абы зэриГъуэтыну Іэмалхэм.

«Ди къэлэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къызолъытэ бгым лыжьэкІэ къежьэкьымкІэ дуней псор зэкІуалІэ зыгъэпсэхупІэ Іуащхьэмахуэ тщІыныр, - жиІащ Трутнев Юрий. - Зыужьыныгъэм тещІыхьа Іуэхур къыщыхэтлъхьэкІэ, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым щыналъэм щыпсэухэм я еплъыкІэри къэтлъытэн зэрыхуейр. ЦІыхухэм лэжьыгъэ ІэнатІэ къахуэІухьиным, зыгъэпсэхуакІуэхэр нэхъыбэу кьызэретшэлэным, хэхъуэ дызэриІэным дызэрелэжьыр абыхэм къагурыдмыГаІуэмэ, мурадхэр къыддамыйГъмэ, ди пщэрылъхэри къыдэхъулІэнукъым».

Іуащхьэмахуэ лъапэ зэрызрагъэужьынум теухуа проектыр щызэхагъэувэкІэ зыгъэпсэхуакІуэхэм я дежкІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхухэм кьищыкІэмыщІа, гулъытэ ин хуащІын хуейщ щыІуэпсым и теплъэри зэрахъумэным. КъэщІэм кьызэрыхигъэщамкІэ, ухуэныгъэхэр зэхэтхъуауэ, зэбгрыдзауэ ирагъащІынкІэ Іэмал иІэкьым.

- Урысейм щыпсэу дэтхэнэми и дежкІэ Іуащхьэмахуэ лъапэ хъугъуэфЫгъуэу щытыпхъэщ, апхуэдэ дыдэуи дунейпсо зыгъэпсэхупІэ ар хъун хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ къэрал унафэщІхэм ягъэбелджылъа кьалэнхэр тхуэгъэзащІэмэ, а мурадыр къыдэхъулІэнущ. Апхуэдэ зыужьыныгъэм зыгъэпсэхуакІуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ ищІынущ, ЦІыхухэм кьызэрыхигъэщамкІэ, ухуэныгъэхэр зэхэтхъуауэ, зэбгрыдзауэ ирагъащІынкІэ Іэмал иІэкьым.

- Урысейм щыпсэу дэтхэнэми и дежкІэ Іуащхьэмахуэ лъапэ хъугъуэфЫгъуэу щытыпхъэщ, апхуэдэ дыдэуи дунейпсо зыгъэпсэхупІэ ар хъун хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ къэрал унафэщІхэм ягъэбелджылъа кьалэнхэр тхуэгъэзащІэмэ, а мурадыр къыдэхъулІэнущ. Апхуэдэ зыужьыныгъэм зыгъэпсэхуакІуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ ищІынущ, ЦІыхухэм кьызэрыхигъэщамкІэ, псом хуэмыдэу экономикэм дэІэпыкъуэгъу хуэхъуну ИкІи бюджетым кІуэну налогыщІэхэр убзыхуа хъунущ. А псом, шэч хэмылъу, республикэм исхэм я псэукІэр нэхъыфІ ищІынущ, - кьыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

КъэщІэмрэ бысымхэмрэ кьыкІэлъыкІуэу щыІащ Бахъсэн кьалэм щахуэ пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэм. «Агрохолод» ООО-м зэуэ мыІэрысэ тонн мини 7 ихъумэфынущ. Инвестицэ проектым сом мелуан 578-рэ текІуэдэнущ икІи 2020 гъэм и жылагъуэм лэжьыгъэ псори зэфІагъэкІыну трахуэ. Мы зэманым пхъэщхьэмыщхьэ Іуащхьэм и уэхэныгъэр яухащ, щыІалъэхэмрэ ашыкхэмрэ зэрагъэпэщащ.

КъБР-м мэкъумэш ІэнатІэмкІэ и министр **Сыжажэ Хьэсэн** хьэщІэм зэрыжриІамкІэ, республикэм апхуэдэ пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэу 31-рэ щыІэщ, псоми зэхэту тонн мин 210-рэ щІэхуэзу. «2020 гъэм и кІэ пщІондэ иджыри пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэу 8, тонн мин 30 хуэдиз къызэщІаубыдэфыну, духуэну ди мурадщ», - кьыхигъэщащ Сыжажэм.

Трутнев Юрий хагъэгъуэзащ Кьыщэк къуажэм дэт «СтройМаш» Іуэхущ апІэм и лэжьыгъэми. Абдеж ар щепльащ ІуэхущапІэм пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкІхэмрэ папщІэ кьыщІигъэкІ, пластмассым кьыхэщІыкІа контейнерхэр зэращІым. ООО-м зы илъэсым апхуэдэ илъхьэпІэу мини 180-рэ кьыщІегъэкІ. ХьэщІэр зэрыщагъэгъуэзамкІэ, ахэр ироладжь Австриием щащІа Іэмэпсымэхэм икІи мардэ псори къэпІытауэ лэжьыгъэр зэтеублащ.

Трутнев Юрий зыщрагъэпльыхьащ Налшык къалэм ХьэтІохъущокъуэм и цІэр зезыхьэ и жыг хадэми. Ар хагъэгъуэзащ «Налшык» зыгъэпсэхупІэм федеральнэ мыхьэнэ зэрырагъэгъуэтыжьынум теухуауэ зэхагъэува «ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэ» проектым. КьызэрыхагъэщамкІэ, мы зэманым республикэм и санаторэ-курорт зыгъэпсэхупІэхэм я нэхъыбэр жыг хъуауэ икІи я Іуэхутхъэбзэхэр адрейхэм ехьэехуэу кьызэрагъэпэщыныкІэ ар лъэпощхьэпо яхуохъу. Проектыр ягъэзэщІэну я мурадщ къэралымрэ инвесторхэмрэ зэрызэдэлажьэ щыкІэм тету.

А махуэ дыдэм Трутнев Юрий иригъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, псом хуэмыдэу экономикэм дэІэпыкъуэгъу хуэхъуну Іэмалхэмрэ щыналъэм инвесторхэр къешэлІэныкІэ.

- Коронавирусым къэралым зыщимыубгъун щхьэкІэ Іэмал къэдгъэсэбэпахэм емылъытауэ, Урысей Федерацэм и щыналъэхэм ящыщу зи экономикэм хэхъуэ иІа щыналъэ мащІэхэм хабжэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр. 2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм КъБР-м и промышленностым кьыщІигъэкІам процент 20,8-кІэ хэхъуащ. Абыкіэ республикэр ещанэ увыпІэм щытщ, - кьыхигъэщащ Трутневым.

ХьэщІэм зыщигъэгъуэзащ «Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и зыужьныгъэр» Урысей Федерацэм и кьэрал программэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныигъэр 2016 - 2025 гъэхэм ятещІыхьауэ» программэ кьуэдзэм хьыхь инвестицэ проектхэр зэрагъэзащІэми.

Трутнев Юрий жиІащ апхуэдэ Іуэхухэм я щыІкІэ кьыхалъхьэну кьрагъэзблагъэ хуейр зыужьыныгъэм телажьэ ІуэхущапІэ нэхъ инхэр зэрыарар. Абыхэм ящыщу хьэщІэм кьигъэлъэгуащ ИнвестицэхэмкІэ Урысей фондымрэ Къэбэрдей-Жыжьэмрэ Арктикэмрэ зегъэужьыныкІэ ІуэхущапІэмэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытыныкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхухэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ

Налшык къалэ
2020 гъэм шыщхьэуІум и 7-м
№99-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытыныкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхухэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн, 2.6 пунктым и «а» пункт къуэдзэм хэт «2020 гъэм шыщхьэуІум и 9 пщІондэ» псалъэхэм яужькІэ «, 2020 гъэм шыщхьэуІум и 10-м къыщыщІэдзауэ и 23 пщІондэ» псалъэхэр кьхьауэ.

2. Мы Указым кьару егъэт ар официальнэу кьыщытраДза махуэм щегъэжьауэ.

КІУЭКІУЭ Казбек

КъБР-м и цІыхубэ артист, «Таврический» дунейпсо симфоние оркестрым и художественнэ унафэщІ икІи и дирижёр нэхъыщхьэ, Санкт-Петербург къалэм сабийхэрэм ныбжьыщІэхэмрэ папщІэ щылажьэ Къэрал филармонием и унафэщІ икІи и дирижёр нэхъыщхьэ Голиков Михаил Налшык концерт щитыну и мурадщ.

«УЩЫМЫГУФІЫКІЫНКІЭ Іэмал иІэкъым Налшык къалэр щэнхабзэм псынщІэу зыщіужь щыпІэу зэрыщытым. Сэ ныбжьэгъуГъэкІи творчествэкІи сапыщІащ Кавказым и жылагуэ, щэнхабзэ лэжьакІуэ куэдым. Си ныбжьэгъуфІщ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа композитор къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн, 2.6 пунктым и «а» пункт къуэдзэм хэт «2020 гъэм шыщхьэуІум и 9 пщІондэ» псалъэхэм яужькІэ «, 2020 гъэм шыщхьэуІум и 10-м къыщыщІэдзауэ и 23 пщІондэ» псалъэхэр кьхьауэ.

2. Мы Указым кьару егъэт ар официальнэу кьыщытраДза махуэм щегъэжьауэ.

КІУЭКІУЭ Казбек

● Гъуэзджэ

Голиков Михаил Налшык къокІуэ

Къэбэрдокъуэ Мурат», - кьыхигъэщащ дирижёрым.

Голиков Михаил зэрыжиІамкІэ, Кавказым щащІа макъамэм зыщигъэгъуэзэн, ар иджын щыщІидзар «Кавказым и симфоние» проектым щыхэтам щыгъуэщ. Ар 2012 гъэм кІуэкІащ.

«ЩыІэ гугъуехьэм щхьэкІи къэмынэу, дэ ди мурадщ Кавказ Ищхьэрэм, абы Налшык кьали яхэту, концертхэр щыттыну дыкІуэну. Іэмал имыІэу дыдэлажьэнущ «Макъ» урысейпсо зэпеуэм щытекІуа Бэрбэч Аскэр. Сыщогугъ абы и гъусэу кавказ, урыс уэрэдхэр зытет альбом дгъэхьэзырыну. ЗанщІэу кьыхэзгъэщыну сыхуейщ ар поп-макъамэ лІэужьыгъуэхэр щызэхуэхьэса лэжьыгъэу зэрыщымытынур. Дэ альбомым лъабжьэ хуэтщыну дыхуейщ симфоние лъабжьэ зиІэ лъэпкъ макъамэхэр», - кьыхигъэщащ Голиков М. С.

● Дзэ Іуэхухэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІынущ «Армия-2020» дзэ-техникэ зэхуэсыщхуэр

Урысеидзэм иужьрей зэманым къыІэрыхьа техникэ нэхъ лъэщхэм ящыщхэр щагъэлъэгъуэнущ Юпщэ дзэ окъугым, абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэри хэту, щрагъэкІуэкІыну «Армия-2020» зэхуэсым.

АБЫ ЦІЫХУХЭМ япэу щрагъэлъагъунущ дзэ Іэщэщ Іэхэр, техникэщІэхэр. Абыхэм ящыщу бийм радиокІэ зэбгригъэх хъыбархэр къызэпыудыным хуэгъэпса «Ртуть» АСП БМ станцыр, уэгум ит бий кхъухьльатэр здэщыІэр къэхутэнымрэ зенитнэ Іэмэпсымэхэр абы теухуэнымрэ кьызэфІэзыгъэкІыфыну «Купол» станцыр, нэгъэущ куэд.

Зэхуэсыр екІуэкІынущ щыщхьэуІум и 23 - 29-хэм кьриубыдэу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● ЩІДАА

ЩІэныгъэлІхэр мэлажьэ

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр видеоконференц жыпхъэм иту дыгъуасэ екІуэкІащ. Ар иригъэкІуэкІащ ЩІДАА-м и президентым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Къанокъуэ Арсен.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ �щІДАА-м и вице-президентхэу **ЛІэужь Іэдэмрэ** (Адыгей) **Хьэфіыщіэ Мухьэмэдэ**, щІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, академикхэу **Гварамиа Алеко** (Абхъаз къэрал университетым и ректор), **Сэкий ФатІимэ** (Армавир лингвистикэ университетым и ректор), **Даур Борис** (Шэрджэсхэм я Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ), **Иуан Зэуал** (Къайсэр дэт университетым и егъэджакІуэ), нэгъуэщІхэри.

Онлайн екІуэкІа зэІущІэм Іуэхугъуитхуи щІигъум щыхэпльащ. ЩІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий видеоконференцым хэтхэм яжриІащ академием къипщытэж пІалъэм къриубыдэу екІуэкІа Іуэхугъуэхэр зыхуэдэр, дунейм ехьыжауэ, зи узыншагъэм зыкимыхьэжу мылэжьэжэр хэгъэкІыжын зэрыхуейр щыхьэщащ, �щІДАА-м хагъэхьэн хуейуэ яубзыхуахэм я щІэр къриІуащ.

ЩІэныгъэлІхэм зэгъусэу яубзыхуащ �щІДАА-р къэкІуэну илъэсым зиужь итыну Іуэхугъуэхэр икІи Президиумыр зэрылажьэну планыр ягъэпсащ.

Къанокъуэ Арсен жиІащ иджыпсту адыгэм и Іуэху дзгъэкІыным елэжьу щыІэр зэгугъэныгъитІ кьудейр - �щІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ - зэрыарар. Дяпэкіэ адыгэ лъэпкъым, щІалэгъуалэм яфІ зыхэлъ Іуэхухэм теуха проектхэр �щІДАА-м утыку кьрихьэн, ахэр гъэзэщІэным егугъун зэрыхуейр дыщІигъуащ Къанокъуэм.

ЗэІущІэм щыжаІахэм теуха тхыгъэ ди газетым тетынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Ди республикэр ящыщщ COVID-19-р зэуалІэхэм я бжыгъэр щынэхъ мащІэ щІыналъэхэм

Коронавирус узыфэ зэрыщІалэм екъэлІа щытыкІэр зэпІэзэрыт щыхъужащ Урысейм и хэгъэгухэм я нэхъыбапІэм. Апхуэдэу щытми, ягъэнкъуэ щыпІэхэм Іуэху узыгъэгузавэу кьыщонэ иджыри. Ар кьыхигъэщащ «Роспотребнадзор»-м и унафэщІ Поповэ Аннэ.

АБЫ ЗЭРЫЖИІАМКІЭ, УФ-м и субъект 80-м щытыкІэр хэпщІыкІыу щефІэкІуэжащ е узыфэр зэуалІэхэм я бжыгъэм хэщІурэ макІуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр хагъэхьащ вирусыр зыпкърытхэм я бжыгъэр щынэхъ мащІэ дыдэу ягъэлъытэ щыналъэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Сом мелуан 313-рэ къыхущІагъу

Налшык къалэ округым гъуэгухэр щызэгъэпэщыжыным трагъэкІуэдэну мылъкум къыхущІагъуащ, УФ-м и Правительствэм къыдигъэкІа унафэм зэрыщыубзыхуам тету.

«ФІАГЪ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ Налшык къалэ округым щызэфІахын хуей Іэхухэр ягъэува пІалъэм и пэ къикуэу зэрызэфІагъэкІым папщІэ УФ-м и Правительствэм унафэ ищІащ республикэм и къалащхьэм и гъуэгухэр зэІуэпэщ щыным трагъэкІуэдэну мылъку къыхущІагъуну. Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэ №1889-р-м къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, а ахъшэр сом мелуан 313-рэ мэхъу, абы къыдэкІуэу, а лэжьыгъэм щыпІэ Іуащхьэ щыщыІэ бюджетым щыщу абы и процентищІыр халъхьэнущ.

Апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэм и сабэпкІэ «ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэу мы гъэм къриубыдэу нэгъуэщІ уэрамхэри яхуэзгъэпэщыжынущ. Псалъэм папщІэ, Мэлбахьуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым (Кировым и уэрамым къыщыщІэдзауэ Зэныбжьэгъугъэм и аркэм нэсу), Вовчок Маркэ, Мовсисян сымэ я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэри зыхуэкІ хуагъэзэну я мурадщ.

Кьимыдэкіэ, цІыхухэр зыхуэныкъуэхэр, а щІыпІэм ухуэныгъэшхуэхэр зэрыщекІуэкІыр кьэлъытауэ, унафэ кьащтащ Льостэным и цІэр зезыхьэ уэрамым и гъуэгури зэрагъэпэщыжыну. Ар и кІыхьагъкІэ пІлыуэ гуэшауэ щытынущ, псы фІей щІэжьипІэхэри иІэнущ.

Европэм и къурш нэхъ лъагэ дыдэм дэкІыну загъэхьэзыр

Іуащхьэмахуэ лъапэ нобэ къыщыщІэдзауэ шыщхьэуІум и 16 пщІондэ «Эльбрусиада» Іуэхур зэрыщекІуэкІынум теухуа хъыбар зэбгригъэхащ Урысейм Альпинизмэмкіэ и федерацэм.

АБЫ ХЭТЫНУЩ Іуащхьэмахуэ и щыгу дэкІыну гупыж зыщІа цІыхуищэм щІигъу. Урысейм Альпинизмэмкіэ и федерацэмрэ альпинизмэмкІэ Евро-Азие зэгухьэныгъэмрэ иджы етхуанэрэ кьызэрагъэпэщ Іуэхур трауХуащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъум.

Фестивалыр Іэтауэ кьызэІухьанущ шыщхьэуІум и 12-м. Европэм и къурш нэхъ лъагэ дыдэм дэкІыну я мурадщ шыщхьэуІум и 14-м.

Іуащхьэмахуэ бгыр Хэку зауэшхуэм и зэманым щытащ зауэ щекІуэкІа щыгу нэхъ лъагэ дыдэу. Архивэм щІэлъ тхыгъэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, мыбдежым щыхэкІуэдащ зауэлІ 366-рэ. Кавказым папщІэ зауэ гъащІэхэр екІуэкІащ 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыщыщІэдзауэ 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9 пщІондэ. А зэманым къуриубыдэу мы щІыналъэм щыхэкІуэдащ цІыху мин 344-рэ, сэлэту, цІыху къызэрыгуэкІыу мин 605-м щІигъум уІэгъэ, фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр яГуэтат.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● Къэбэрдей Адыгэ Хасэ

Адыгэ медалыщІэ

КъАХ-м и хасащхьэм хэтхэм иджыблагъэ къащтащ зэгухьэныгъэм и дамыгъэр.

ЗИ ГУГЪУ тщІы медалымкІэ илъэс къэс, фокІадэм и 20-м, Адыгэхэм я махуэм ирихьэлІэу, лъэпкъым хуэгъэза и зэфІэкІкъэмкІэ къыхэжаныкІа цІыхуиц ягъэлъэпІэнущ.

Езы медалыр жэзым-рэ дыжьыныкъэ къыхэщыкІащ. И Іуплъапіэм и хъуреягъкІэ «Къэбэрдей Адыгэ Хасэ» псалъэхэр къокІуэкІ, и кум вагъуэ пщыкІуІыр зыщхьэщыт щабэщыр щызэблэдзащ. И щІыбагъым «Адыгэ лъэпкъым и фІыщІэ» псалъэхэр тетхащ. Адыгэ ныпыр уигу къигъэкІыу, медаль хъуреир зыІыгъ хэІупхъэм щэкІ удэфэ тебзащ.

КъАХ-м и дамыгъэр зратынухэм я цІэр щыналъэ (район), къалэ хасэхэм къагъэлъагъуэ хъунущ фокІадэм и 15 пщІондэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Гъэ еджэгъуэщІэм зэса мардэм тету щыщІадзэжыну я мурадщ Къэбэрдей-Балъкъэрым

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щыхэкІуащ коронавирусым и зэранкІэ ягъэувауэ щыта мардэхэм къытекІыжыным теухуа ещанэ Іыхьэм икІи егъэджэныгъэ Іуэхущапіэ псоми Іэмал ягъуэтащ я лэжьыгъэм пащэжыну. Абы ипкъ иткІэ республикэм щамурадщ 2020 - 2021 гъэ еджэгъуэщІэр зэса щыкІэм тету, сабийхэр школхэм екІуэлІэу, щІадзэжыну.

УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и министр Кравцов Сергей нэхъапэІуэкІэ зэрыжиІамкІэ, еджапІэм емыкІуалІэу ныбжьыщІэхэр егъэджэн Іэмалым урысей школхэм щыхэкІуэнукъым, гъэ еджэгъуэщІэр фокІадэм и 1-м щІадзэжынущ, илъэс кІуэхэми щыІа кьызэрыгуэкІ мардэм тету.

КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм къызэрилъытэмкІэ, республикэм и школхэм я процент 99-р еджэгъуэ лъэхъэнэщІэм хэзыхъэрщ. ФокІадэм и 1-м и бжэхэр щІэблэм яхуэзэІухынущ Налшык къалэм щащІа курыт школыщІэм, еджакІуэ 1224-м ятещІыхьам. Илъэсыр щиухым ирихьэлІэу щІыналъэм и кІэм щынагъэсынущ школитІ - ныбжьыщІэ 500 щІэхуэну Щэджэм къалэм щащІымрэ Прохладнэ районым щыщ Солдатскэ жылэм сабий 250-м яхуэхъуауэ щаухуэмрэ. Апхуэдэу цІыкІу 940-рэ зыщІэхуэну яслъэ ухуэныгъэу 21-рэ.

Министерствэм къызэритымкІэ, республикэм мы зэманым щолажьэ курыт еджапІэу 265-рэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъаза

2020 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадзэ зэманыр нухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - фокІадэм (сентябрым) щыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущапіэмэ.

Мазэ 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 464-рэ кІэпІейкІи 2-рэщ.

Ди индексыр П 5894

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Республикэпсо зэпеуэм кърикІуахэм хоплъэж

«Адыгэ псалъэ» газетымрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ къыхальхьауэ КъБР-м Цыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэзэхухэмкіэ и министерствэм ди щІыналъэм щригъэкІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм 2020 гъэм кърикІуахэр иджыблагъэ наІуэ щащІащ къэпщытакІуэ гупым я зэхуэсым.

ЗЭПЕУЭМ и къалэн нэхъыщхьэ щыгъыр анэдэлъхубзэр хъумэнырщ, хабзэмрэ щэн дахэмрэ щІэблэм зэрыбгъэдалъхьэ Іэмал нэхъыщхьэхэр, бзэм ди ефедэлІэхэм щиубыд уФІІэр наІуэ къэщІынырщ. А мурадыр яІэу, адрей иІэсхэмэ хуэдэу, мы гъэмэ зэпеуэм хэтыну жэрдэм зыщІар ефедэлІэ мащІэтэкъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, коронавирус узыифэ зэрыщІалэм и зэранкІэ, гупыж зыщІахэм ящынщу зэпеуэм зи зэфІэкІ къыщызыгъэлъэпІэгъуэну Іэмал зыгъуэтар еджапІитхумрэ зы сабий садымрэщ. Мэлыжьыхь маззэм нэсыху министерствэм къахуигъэува махуэ хэхахэм къэпщытакІуэхэр здэщыІа еджапІэхэм я лэжьыгъэм теухуа я Іэзху еплъыкІэхэр ягъэнэхуащ.

Апхуэдэу, «ЩІэблэр лъэпкъыпсэу гъэсэныкІэ» екъуІэныгъэ нэхъыфІхэр къэзыгъэлъэгъуа еджапІэ» унэтІыныгъэм **гран-прир щыхуагъэфэщащ Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зэрихьэу Бахъсэн къалэ дэт 2-нэ курыт еджапІэм; ящ уФІІэр къыхьащ Іуті ыж Борис и цІэр зэрихьэу Зэрэгъыж къуажэ дэт курыт еджапІэм; еТІуанэ уФІІэр зэдагъэшащ Налшык дэт 32-нэ, Нартан дэт езанэ курыт еджапІэхэм; ещанэ уФІІэр къыхьащ Къэрэгъэш къуажэм дэт езанэ курыт еджапІэм.**

Зэпеуэм жыджэру хэта егъэджакІуэхэм я дерсхэм я зэхэлъыкІэм хэпльащ къэпщытакІуэхэр иКІи нэхъыфІхэр къыхагъэщащ. ЕгъэджакІуэхэр къэралым иубзыхуа пщалъхэм арэзы укъинщІу зэрыщІыгъуаз, дэтхэнэ зи егъэджакІуэми езым и Іуэху еплъыкІэ, и зэгъэзэжкІэ хилъхьэкІэрэ дерсыр щІэщыгъуэ зэрищІыр, сабийхэр къыдэхэха хъуным зэрытелажьэр, я псэльэкІэр, я гупсысэр къызэралъытэ щІыкІэр, - а псори лэжьыгъэ екІуэкІам наІуэ къинщІащ.

Апхуэдэу, зэпеуэм хэта школхэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ я егъэджакІуэ нэхъыфІу къалъытащ **Къалмыкъ Джульеттэ** (ІутІыж Борис и цІэр зэрихьэу Зэрэгъыж къуажэм дэт курыт еджапІэ), **Куржы Асярэ Гуэнгъэпщ Мадинэрэ** (ЩоджэнщыкІу Алий и цІэр зэрихьэу Бахъсэн къалэ дэт 2-нэ курыт еджапІэ), **Срыкъуэ Ириндэ** (Налшык дэт 32-нэ курыт еджапІэ), **Махъцы Зитэрэ Къарэмызэ Заремэрэ** (Къэрэгъэш къуажэм дэт езанэ курыт еджапІэ), **Шыбзыхъуэ Индирэ** (Нартан дэт езанэ курыт еджапІэ) сымэ.

Ящ уФІІэр ирагъэщІащ литературэмкІэ егъэджакІуэ **Щыцыкі Ритэ** (Къэрэгъэш къуажэм дэт 2-нэ курыт еджапІэ).

Ещанэ уФІІэр кІихьащ **Лу Маритэ** (Къэрэгъэш къуажэм дэт курыт еджапІэ).

«Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм унэтІныгъэ щхьэхуэу хэтщ еджакІуэ цІыкІухэм я къэхутэныгъэ лжьыгъэхэр. Мы гъэм екІуэкІа зэпеуэм и темэ нэхъыщхьэу яубзыхуат «Ди щІыналъэм и щІыпІэцІыхэр». Мы Іыхьэмэ узыгъэгушхуэ, узыгъэгуфІэлэжьыгъэ купщІафІэ куэд къэпщытакІуэхэм я пащхьэ къыщрахьащ. Абыхэм я нэхъыфІу къалъытащ **Инарыкъуей дэт курыт еджапІэм и 9-нэ классым щІэс Джатэжьей Ансэр, Урожайнэ къуажэм щыІэ курыт еджапІэм и 11-нэ классым щеджэ Гъуэкіакъуэ Виолеттэ, Джэрмэнщык дэт курыт еджапІэм и 8-нэ классым щеджэ Соблир Астемыр сымэ.**

Зи ІуэхущІафэр утыку къэзыщІа дэтхэнэ зы егъэджакІуэми абыхэм я гъэсэнхэмэ фІыщІэ яхуэфащэщ .

Зэпеуэм къыхэжаныкІахэр гъэ еджэгъуэщІэм щІидзэжмэ щІалэгъуалэмІэ Іэнущ КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхущхьэ и министерствэм.

ЩОДЖЭН Іэминат.

● Ди щІалэхэм дзэм къуалыкъу щащІэ

Гъэсэныгъэрэ лІыгъэрэ зыхэлъ

Лэскэн районым хыхьэ Урыху къуажэм щыщ Чэгъэдуэх я унаГъуэм хъыбар гуапэ къаІэрыхьащ я щІалэ Елдар къуалыкъу щищІэ дзэ частым къикІыу.

Чэгъэду Елдар

ЛЕНИНГРАД областым хыхьэ Лугэ къалэм зэгъэпэщыжыныгъэ, зэфІэгъэувэжыныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ и 69-нэ батальон щхьэхуэр зы-хыхьэ войсковой часть №63452-м и командир Чекамисов Ю. и Іэр зыщІэлъ фІыщІэ тхыгъэр къыщІедзэ мы псалъэхэмкІэ: «Рядовой Чэгъэду Елдар Леонид и къуэм хуэгъэза фІыщІэ тхыгъэ». Ар абы къыхуагъэфэщащ зыхуарагъэджахэр Іэкіуэлъакіуэу къызэрагъэсэбэпым, и пщэрылъхэр пылъхьэншэу, жэуаплыныгъэ ин хэлъу зэрызэфихым, бронетанковэ машинэхэм ехьэлІа Іуэхуэхэр щагъэзащІэм къигъэлъэгъуа зэпІэзэрытыгъэм папщІэ. Тхыгъэ кІэщІыр дгъэхьэзырыху, абы къыкІэтъыкІуащ иджыри зы ЩІыхь тхылъ, и къалэнхэм зэрехьэлІэм папщІэ иКІи Урысей Федерацэм и Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда и къарухэм я Тылыр илъэс 320-рэ зэрыхъур щагъэльапІэм ирихьэлІэу къыхуагъэфэщауэ.

Апхуэдэ гупльитэ къэзылэжь адыгэ щІалэм куэдкІэ ущыгугъ зэрыхьунym шэч хэлъкъым. Къапщтэмэ, еджэнми щекъуліауэ дзэм къулыкъу щищІэну дэкІащ Елдар. Абы къиухащ КъБКъУ-м физкультурэмрэ спортымкІэ и факультетым и бакалавриатыр, а еджапІэр дахэуа экономикэ кэмрэ правэмкІэ и факультетым юриспруденцэмкІэ и къудамэм и магистратурэр.

Елдар и адэ Леониди дзэм къулыкъу щыщищІэм Чэгъэду Фузелрэ СэИхьэтрэ я унагъуэм апхуэдэ хъыбар гуапэ - фІыщІэ тхыгъэ къаІэрыхьауэ зы-тат. Ахэр, егъэвеинныгъэ лъапкъ хэмыльу, ирипагъ хъунут Хэкум и пащхьэм щиІэ къалэнхэм фІыуэ пэлъэщ, «совет зауэлІ» фІэщыгъэм хуэпэж, дзэ тхьэрыІуэмрэ Уставымрэ къагъэуІэ Іэхухэр зыгъэзащІэ я биным и еуылІэныгъэм, Хэкур фІыуэ зыльагъу, абы и къыщхьэщыжакІуэ нэс зэрагъэсам къыхэкІыу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Елдар и ехъулІэныгъэм и адэр хэпльэну иухатэкъым, ар 2011 гъэм дунейм ехыжащ. И анэ Равидэ, и анэшхуэ СэИхьэт сымэ къыщхьэщытщ, хуэузыншэщи, къэрал псом щапхъэу щагъэльагъуэ щІалэщІэм и хъер, и гуфІэгъуэ, и хэхъуэ куэд Тхьэм хигъаплъэ.

ГъащІэм и Іуэгуэм дахэу, екІуу узэрытеувам ухущІемыгъуэжу, уи нэхъыжьхэр къыщпхьэщыту, нэхъыщІэхэм щапхъэ уахуэхъу, жьилэр уи зэфІэкІхэм иригушхуэу иджыри ехъулІэныгъэ Іэджэ уиІэну дыпхуохъуахъуэ, Елдар!

ИСТЭПАН Залинэ.

● Ди махуэгъэпс

Зэрызэмыщхьыр я беягъэщ

Шыщхьэ1уІм и 9-р щІыпІэдэлъху лъэпкъхэм - щалъхуа щІынальэм щыпсэужхэм - я махуэщ. Ар гъэлъэпІэнымкІэ унафэр 1994 гъэм и дыгъэгъаззм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къыщащтащ (International Day of the World's Indigenous People).

ЩІЫПІЭДЭЛЪХУ лъэпкъхэм зацужьынымкІэ, я хуитныгъэм зегъэубгъынымкІэ Іэмалхэм нэхъ зыбгъуэуэ лъыхъуэн щыщІадзар XX лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэрщ - а лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэм, жылагъуэм, властым пэрытхэм лъэпкъ цІыкІухэм хуащІ гулъытэр нэхъыбэ щІын зэрыхуейм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм щытепсэлъыхь хъуа иужькІэщ.

ЕкІуэкІащ лъэхъэнэ псо, щыпІэдэлъху лъэпкъхэм ящыщу нэхъ цІыкІухэр къызэрыІэлуэху щІагъуи щымыІэрэ гупльитэу хуащІри мащІэ дыдэу щыщыта. Бжьыгъэкіэ ебэкІхэм кьакІэрыхуауэ (я зыужьыныгъэкІэ) кьалъытэрти, кьахэкІаХэр политикэ Іуэхухэми хамыгъэхьащэу, я хуитныгъэкІи нэхъ дакъуэзу ягъэпсэуащ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыкьэкІэм, хабзэ щыхъужами ярейуэ, щеувэлІат ЩІы Хьурейм тет къэралхэм ящыщ къудым (Урысейри абыхэм яхэту), юридическэ кьару зыгъуэт унафэхэр къыщащтакІи, хабзэщІэкэр къыщрахьажьэкІи.

Тхыдэ мыжыкІэм дриплъэжьищи, 1982 гъэм ООН-м Экономикэмрэ социальнэ Іуэхухэмкіэ и советым дежгуп щхьэхуэ щыщэхашат, зи бжьыгъэкІэ мащІэ лъэпкъхэм я Іуэхухэр зэригъакІуэрэ абыхэм яхуэгъэзауэ дэкъуэзнэныгъэ къэмыгъэхъуным телажьэу. Апхуэдэуи, 1985 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм деж фонд щхьэхуэ къыщыщэрагъэпэщат, щыпІэдэлъху лъэпкъхэм я жылагъуэ зэгухэзнигъэхэм пыщІэныгъэ яхуиІэн, зыхуей-зыхуэфІхэр зэхигъэкІын, хуей хъумэ ядэІэпыкъун папщІэ.

Арщхьэкіэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Іуэхум зэрызихьуэжа щІагъуи щымыІэу, ди нобэрей гъащІэмэ щыпІэдэлъху лъэпкъхэр, я щэнхабзэ, я бзэ яхъумэжьи и лъэныкъуэкІэ, лъэпощхьэпо Іэдэжьми щыІуоуэ. Властыр зыІыгъэкэр зэреІалІэ щымыІэу, къарууэ трагъэкІуадэр мащІэ дыдэщ, лъэпкъ цІыкІухэм, я дуней еплъыкІэ-хущытыкІэ елъытагъэ, зрагъэужьныным, я лІыкІуэкэр политикэ Іуэхухэм ирикъуу хэшэным ехьэлІауэ.

Мы зэманым зи гугъу тщІы лъэпкъхэм ящыщ цІыкІухэр къэрал 90-м щопсэу, бзэ зэмылІэужьыгъуэхэм иропсалъэ, я щэнхабзэкІи зэтемыкъуащ, я бжьыгъэр мы зэманым, псори зэхэту, мелуан 370-м ноблагъэ. ЩІы Хьурейм проценти 5 фІэкІа щымыхъуми, нэхъ тхьэмыщкІэрэ хуэмыщІауэ щыпсэум я процент 15-р ахэращ.

УФ-м иц лъэпкъ цІыкІухэм ущыхуозэ Сыбырми, КъуэкІыпІэ ЖЬыжьми, Кавказ Ищхъэрэми, нэгъуэщІ щыналъэхэми.

Этнографхэм зэрытрагъэчныхьымкІэ, зи бжьыгъэкІэ мащІэхэм я щыкІэ-псэукІэр, дуней еплъыкІэр, хабзэ-бзыпхъэу зэрахьэхэр адрей къэзыхъуреихьэм ефи кьаэзрыщхьэщыкІырщ ахэр ямылейуэ щІэщыгъуэ зыщІри, ди планетэм и нэхъ кьулеягъэ дыдэхэм щІахэлъытапхъэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Футбол

ТІыгум трагъаплъэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр къэхьыным теухуауэ зэхаубла зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкым» къыщыщІидзащ финалым и 1/256-нэ Іыхьэм. Абы хьэрхэрэгъэгъуэ къыщыхуэхъуащ «ЕсэнтІыгу» командэр.

ХУАБЖЬУ тфІэхьэлэмэтт «Спартак-Налшыкым» и фащэр ящыгъуэу зэІущІэр щІэзыдзэнухэр хэт сымэми зэдгъэщІэну. Ахэр, дызэрыщыгъуаз, фІы защІэу къыщІэкІащ. Зыгъэсэныгъэхэр щекІуэкІым фэбжь зэрригъуэтам къыхэкІыу, ди командэм и Іэщыхьэтету ижь лъэхъэнэм дызэса Щоджэн Борис и пІэкІэ гъуэм дзуэат Налшык къыщалъхуа иКІи тот джэгуным зыщезыгъэса, иджыблагъэ къэзыгъэзэжа Антипов Антон. Гъуащхьэхъумэхэт Мэкъуауэ Залым, Шумахуэ Заур, Шаваев Магомет, КІэдыкІуей Хьэким. Губгъуэм и кум щыджэгухэрт Джатэрыв Къазбэч, Іэпщащэ Марат, Пащты Руслан. Я хэрхэгъэрэгъуэм я гъуэм ебгъэрыкІуэныр я пщэ дэпЪт Хьэшыр Алан, Ашу Мурад, Гугуев Магомед сымэ. Ахэр яхъуэжу джэгур ягъэльэщыну сыт щыгъуи хъэзырт гъуащхьэтет Кьардэн Имран, гъуащхьэхъумэхэу Ольмезов Артур, Дэхъу Ислъам, гъуащхьэхъумэныкъуэхэу Клышэ Артём, ХьутІэ Анзор, гъуащхьауэхэу Бахъсэнокъуэ Алихъан, Торосян Севадэ сымэ.

ЗэІущІэр ирагъажьэри, дакъикъипщІ дэкІаеу арат «Спартак-Налшыкыр» япэ щищам. Гугуев Магомед и закъуэу хъэщІэхэм я гъуэм пэгъунэгъуу кьаГэнащ иКІи, гугъу емыхьыщІу, бжьыгъэ кьиІэуІуихащ. КъыкІэлъыкІуа дакъикъэ зыхьыблыр ардыдэм хуирикъуащ, етІуанэ топри хьэщІэхэм яхудигъэкІын папщІэ.

«ЕсэнтІыгум» и футболистхэм щхьэкъэбгъпІэ ямыІэу захъумэжырт. Абыхэм къару куэд трагъэкІуэдэн хуей хъурт къыкІэлъыкІуэ топхэр хьэхудамыгъэкІын папщІэ. Арщхьэкіэ загъэпсэхуу къыхьажа иужькІэ налшыкдэхэр яхуэзэтеІыгъэжакъым. Ди щІалэхэм щапымылъэщыжьыхэм хьэщІэхэм хабзэр щІэхьщІэхыурэ къыззэпуэд хъуащ. Абы и зэранкІэ я гъащхьэхъумэхэм ящыщ зы джэгум къыхахуащ иКІи ТІэунейрэ я гъуэм пенальти кърагъэуащ. А тІури Іэзэу игъэзэщІащ «Спартак-Налшыкым» и капитану зэІущІэр езыгъэкІуэкІа Пащты Руслан. Абыхэм я зэхуакъум Хьэшыр Алан топ дахэ дыдэ есэнтІыгудэсхэм яхудигъэкІащ.

Ди щІалэхэм гукъыдэж ин яІэу зэІущІэр ирагъэкІуащ. Нэрылъагъут ахэр топ джэгунымрэ абы кьащІахь текІуэнгъэхэмрэ хуабжьу зэрыхуэзэшІар. Бжьыгъэр 5:0-у зэІущІэр ихуащ, Хуеямэ, топ нэхъыбэжи хьэщІэхэм худагъэкІыфынут.

Пэжщ, «Спартак-Налшыкыр» бжьыгъэшхуэкІэ зэрытекІуам зэкІэ и зэфІэкІыр здынэсыр къигъэльэгъуауэ къыпхуэльытэнукъым. Сыти жыІи, «ЕсэнтІыгур» Іэзэгъэр здынэсыр щызэхагъэкІ гуп лъащхэм ящыщкъым.

Апхуэдэу щыт пэтми, Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр кьэхьыным теухуауэ 2020 - 2021 гъэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ зэІущІэр ди щІалэхэм хъарзынэу кьайхъулІащ. Шэч хэлъкъым абы тегушхуэныгъэ ин кьаэзрыхилъхьам. Футболым а Іуэхугъуэм мыхьэнэ пыухыкІа щІэзыщ.

Шыщхьэ1уІм и 19-м финалым и 1/128-нэ Іыхьэр зэхэтыныщ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» хьэрхуэрэгъу кьэхьэзэхуэнущ Старополь и Краснодар. Абы щытекІуэу къэралым и кубокыр кьэхьыным ехьэлІа зэхьэзэхуэм адэкІэ щыкІуэтэну ди щІалэхэм дащогугъ.

НэхъапэжкІэ, пщэдей, Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2020 - 2021 гъэхэм я зэІущІэм щыщІидзэнущ. Ди щІалэхэр Дон Іус Ростов кьалэм щаІуущІэнуущ щыпІэ СКА-м.

ЖЬІЛАСЭ Заурбэч.

Мы махуэхэм

Шыщхьэ1уІм и 8, *щэбэт*

♦Альпинизмэм (альпинистым) и дунейпсо махуэщ
♦Офтальмологиемк и дунейпсо махуэщ
♦Джэдухэм я дунейпсо махуэщ
♦Швецием и Къэрал ныпым и махуэщ
♦Урысейм и Физкультурникым и махуэщ
♦Аусбург къалэм (Германие) щагъэльапІэ мамырыгъэм и махуэр
♦Китай Республикэм щагъэльапІэ Адэхэм я махуэр
♦1899 гъэм США-м щыщ къэхутакІуэ Маршалл Альберт дунейм щыяпэ щІыІалъэ зэпкърыльхьащ, абы щыхьэт техІуэ тхьапЫ хуятхащ.
♦1900 гъэм теннис спорт лІэужьыгъуэм и саугъэт хъыІ къыщІэкІащ: Дэвис и Кубокыр - ягъэуващ.
♦1924 гъэм Москва къалэ кІуэцІым япэ автобус линэр щаутІыпщащ.
♦1927 гъэм Франджым хэІущІыІу щащІащ хьэм къыпкърыхьэ емынэ узым и хущхъуэгъуэр кьызэрагъэтар.
♦1941 гъэм Сталин Иосиф советыдзэхэм я командующэ нэхъыщхьэу ягъэуващ.
♦1941 гъэм Совет Союзым и «Ил-4» къхъухьатитху Берлин япэу щхьэщыхьэри, лагъымэхэр ирадзыхащ.
♦1942 гъэм ЗыхъумэжьныгъэмкІэ Налшык комитетым унафэ ящІащ республикэм и къалащхьэм и къыдыхьэпІэхэм быдапІэхэр щаухуэну.
♦1943 гъэм Дзэ Плъыжьым и Іэщэхэм къхэхъуащ КВ-95 танк хьэпІэр.
♦1949 гъэм Страсбург (Франджы) щызэхэтащ Европэм и Советым и япэ сессиер.
♦1955 гъэм СССР-м къыщащтащ лэжьакІуэм илъэсым кьэриубыдэу зы маззкІэ зигъэпсэхунымрэ ныбжьыщІэхэр лэжьэну хуит зэращІымрэ ятеухуа хабзэхэр.
♦1967 гъэм Бангкок (Таиланд) къыщызэрагъэпэщащ Ипщэ-КъуэкІыпІэ Азием хьэхъэ къэралхэм я зэгухэзнигъэр (АСЕАН). Абы хьэхащ Индонезиер, Малайзиер, Сингапурыр, Таиландыр, Филиппинэр, нэхъ иужьыІуэкІэ Брунейр (1984 гъэм), Вьетнамыр (1995), Лаосымрэ Мьянмэрэ (1997), Камбоджэр (1999).
♦2008 гъэм XXIX гъэмахуэ Олимп Джэгуэр Китайм и къалащхьэ Пекин къыщызэІуахащ. Аэр щыщхьэ1уІм и 8 - 24-хэм екІуэкІащ. Алыдж-урым бэнэкІэмкІэ абы чемпион щыхъуауэ щытащ адыгэ щІалэ **Хъущт Аслъэнбэч.**
♦2008 гъэм Куржыр Осетие Ипщэм, республикэм щхьэхуитУ зыкъзэпыІыгъэхэм, теуащ. Іэщэкіэ гуащІэу зыщзэпэщІэта махуиплІым щІыху мамыр минрэ ныкъуэм щІигъу щыхэкІуэдауэ щытащ Осетие Ипщэм.
♦Урысей Федерацэм и мэхъэуэ дуней псом щІэрыІуэ щыхъуэ иеДохуэр Іэзэ **Фёдоров Святослав** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.
♦Америкэм щыщ киноактёр, режиссёр щІэрыІуэ, «Оскар»-р тІэунейрэ, нэгъуэщІ саугъэтхэри зрата **Хоффман Дастин** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Урысей кинорежиссёр, Кином и Унэм и унафэщІ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, «Ника» саугъэтэр зыгъэува **Гусман Юлий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Балетмейстер **Марыщ Заур** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхъужь **Савицкая Светланэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦Актёр, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м и щІыхь зиІэ и артист, Куржыбрэ Чувашиемрэ я щІыхьэ артист **Садальский Станислав** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Къудали Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
♦Швейцариемрэ щыщ теннисист, дуней псом щынэжь лъэщ дыдэхэм хабжэ **Федерер Роджер** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм 30 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэ1уІм и 9, *тхъэмахуэ*

♦Тхъилъ фІыуэ зылъагъуэхэм я дунейпсо махуэщ
♦ЩІалъхуа щІынальэ щыпсэужь лъэпкъхэм я дунейпсо махуэщ
♦Урысейм и дзэ щІыхьым и махуэщ - Пётр Великэм и унафэм щІэту урыс флотыр 1714 гъэм шведхэм Гангут щІыхьэбзыпэм деж щатекІуащ.
♦Хуэхуэ1уІм и махуэщ
♦Болгариемрэ и Дзэ-тенджыз флотым и махуэщ
♦Канадэм щагъэльапІэ мамырщІэкъуэм я махуэр
♦США-м и мэзхэр мафІэсым щыхъумэным и лъэпкъ махуэщ
♦Тыркумэным щагъэкІа хъэуаным и махуэщ
♦Японием ягу кьыщагъэкІыж Нагасаки къалэм атом лагъым щыщрадзыкам хэкІуэдахэр. 1945 гъэм Японием и Нагасаки къалэм США-м и къхъухьлатэм атомнэ бомбэ щридзыхащ. Абы цІыху мин 74-рэ хэкІуэдауэ, къалэм щыщ Іыхьэшхуэ зэтракъуатуэз щытащ.
♦1173 гъэм Пизэ къалэм (Италие) ухуэн щыщІадзащ чэщанэ. Ар дуней псом цІэрыІуэ щызыщІар лъэныкъуэкІэ ещІауэ зэрыщытырщ. 1173 - 1250 гъэхэм ищхъэрэкІэ, 1272 - 1997 гъэхэм ипщэкІэ ещІащ. А чэщанэр дунейм и щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм яхибжащ ЮНЕСКО-м.
♦1859 гъэм Америкэм щыщ Эймс Натан эскалатор къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ кратащ.
♦1940 гъэм Берлин - Багдад гъущІ гъуэгур ухуэн яухащ.
♦1942 гъэм блокадэм ит Ленинград къалэм щагъэзэщІат Шостакович Дмитрий и «Ебланэ симфониер».
♦1945 гъэм СССР-м Японием зауэ ирищІылІащ, и дзэхэр Маньчжурием ирищэри.
♦1965 гъэм Сингапурыр Малайзием къыхэкІри, къэрал щхьэхуэ хъуащ.
♦1990 гъэм Карельскэ АССР-м и къэрал суверенитетым теухуа унафэр кьащтащ. 1991 гъэм къыщыщІэдзауэ ар УФ-м щыщ Карелие Республикэщ.
♦1990 гъэм «Эхо Москвы» радиостанцым лэжьэн щІидзащ.
♦1992 гъэм Барселонэ (Испание) щызэхуащІыжащ XXV гъэмахуэ Олимп Джэгуэр.
♦Кавказым и адыгэ, къэзакъ, археолог **Берже Адольф** къызэралъхурэ илъэсыр 192-рэ ирокъу.
♦УэрэджЫ1аКІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Гуляев Юрий** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Совет журналист цІэрыІуэ, тхакІуэ, политолог, 1991 - 1997 гъэхэм СССР-м и лІыкІуэу Израильым щыІа **Бовин Александр** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Политик, Украинэм и етІуанэ президенту щыта (1994 - 2005 гъэхэм) **Кучмэ Леонид** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
